


DWA FANM DAYITI

Kaye nimewo 3

Filyasyon ak Patènité

Sa lalwa di sou sa



PDP

DWA FANM DAYITI

Kaye nimewo 3

Filyasyon ak Patènité
Sa lalwa di sou sa



Pwodiksyon ak biblikasyon
P.D.P. (Programme des Droits de la Personne)

Redaksyon
Evelyne Margron

Travay grafik
Microplus

Desen
Fondasyon Bòbech Vèt

Enpresyon
L'Imprimeur II

Distribisyon
P.D.P.

Depo legal
Bibliotèk Nasyonal

Premye edisyon : 1997

Tout moun, tout òganizasyon gen otorizasyon pou kopye liv sa a. Men, li ta dwe di se P.D.P. ki fè l.

Sa ki nan liv sa a

An nou wè klè	paj 3
Entwodiksyon	paj 5
Yon ti esplikasyon	paj 7
Filyasyon ak patènité nan Konstitisyon 1987 la ak nan Kòd Sivil Ayisen an.	8
Sou zafè Lafanmi	8
Komantè	paj 9
Paj pou komantè pa ou.....	paj 10
Sou zafè filyasyon timoun ki lejitim	paj 11
Sou zafè prèv ki pou bay pou montre filyasyon timoun ki lejitim	14
Komantè	paj 15
Paj pou komantè pa ou.....	paj 16
Sou zafè filyasyon timoun ki natirèl	paj 17
Komantè	paj 21
Paj pou komantè pa ou.....	paj 22
Konklizyon	paj 23
Paj pou konklizyon ak desizyon pa ou	paj 24

Pibliye / reyalize avèk apwi finansye pwogram PDP (Pwogram Pwomosyon Dwa Moun)
Yon pwojè ki finanse pa ACDI (Ajans Kanadyèn pou Devlòpman Entènasyonal)
(Agence Canadienne de Développement International)

An nou wè klè


Depi tout tan, pèp sou latè ap fè jefò pou sosyete y ap viv ladan yo vin miyò (menm si miyò pa vle di menm bagay la pou tout moun). Youn nan zouti yo envante pou ede fè travay sa a se lalwa.

Men listwa pèp yo pwouve lalwa pa inosan. Lalwa marye ak fason sosyete a bati. Malgre li se youn nan zouti pou bay tout moun menm chans nan lavi a, nou ka konstate anpil fwa li gen fòs kote.

Jounen jodi a zouti sa a trè alamòd. Kòm li la pou tabli règleman sou devwa (obligasyon) ak dwa tout moun nan sosyete a, gen moun ki toujou ap chèche kijan lalwa a ka ranmase dwa pa yo pandan lap wete sou dwa lòt. Kifè, lalwa toujou tabli nan batay.

Nan tan lontan se kèk moun, kèk chèf militè oubyen politik, ki te pran desizyon sou devwa ak dwa tout moun andedan sosyete yo. Kòm chèf sa a yo te toujou plis nan enterè gwo ponyèt, gwo palto, gwo chabrik, te toujou genyen an menm tan moun kap goumen pou lalwa ranmase dizon ak patisipasyon tout moun, sitou moun ki konsène yo, moun règleman yo pral manyen.

Travay sa a pokò bout; gen anpil chimen ki pou fèt ankò pou fè rekonèt nesesite pou popilasyon yo angage nan zafè fè lwa , e, pi devan, defann lwa sa a yo, fè respekte yo. Gen anpil chimen tou ki pou fèt nan sans jwenn ki fason ki pi bon pou popilasyon yo bay dizon yo sou tout sa ki regade la vi yo .



Sou bò pa nou, an Ayiti, dapre atik III konstitisyon 1987 la (manman tout lòt lwa yo), nou te bay depite ak senatè (Lachanm) travay pou yo fè lwa. Depite ak senatè se reprezantan popilasyon yo dwe ye, ki vle di, se popilasyon an ki pou chwazi yo, ki pou ba yo manda pou yo pale nan non li. Pou yo pale pou li, fòk yo konnen sa l panse, sa l ta vle sou tout koze ki regade la vil. Kidonk, se djòb yo pou òganize patisipasyon popilasyon an nan desizyon yo gen pou pran. Yon lòt bò, se reskonsabilite popilasyon an pou fè konnen kijan lwa yo pral fè yo ka ale nan sans enterè l.

Si bagay yo fèt konsa, lalwa kapab vin yon zouti vre pou nou chanje sosyete a nan sans nou vle lila. Men sa pa ase! Pou nou menm fanm, fè lwa ki nan enterè nou kapab yonn nan batay nou ka mennen pou nou jwenn plis respè, pou nou gen menm chans ak gason nan batay lavi a. Men pi gwo batay la ap rete dèyè. **Se fè respekte tout bon vre tout lwa sa yo. Sa a se pa batay lalwa, se batay nan lavi toulejou nou kap ban nou l.**

Entwodiksyon

Ti liv sa a se twazyèm nan yon seri liv fòmasyon ki fèt pou aprann konnen kijan lalwa peyi Dayiti wè fanm, kijan li trete fanm, ki wòl, ki plas li ba yo nan sosyete a. Men sitou, ti liv sa a se yon zouti pou ede fanm yo nan batay yo dwe mennen pou fè fè pi bon lwa e pou defann tèt yo.


Twazyèm liv sa a pale sou filyasyon ak patènite

Kesyon sa a enpòtan anpil, poutèt li tabli sou sa ki rasin yon moun, sou sa ki di kilès li ye, kote l soti, kote l chouke. Li tabli tou sou byen ki pou li dapre eritaj li.

Nan peyi Dayiti, koze filyasyon an makonnen ak papa. Ki vle di, lakay nou, se papa yon timoun ki ba li non l nan sosyete a, sòf timoun papa yo pa rekonèt.

Fòk nou di, tout kote pa menm: gen sosyete kote se manman yon timoun ki ba li siyati li. Gen sosyete tou kote se toulède paran yon timoun ki ba li siyati yo .

Kesyon patènite a pale sou rapò ki genyen ant papa pitit ak pitit yo. Lalwa peyi Dayiti rekonèt gen plizyè kalite rapò papa ak pitit: gen lè papa a marye ak manman an; gen lè yo pa marye, men y ap viv nan menm kay; gen lè papa a marye ak yon fanm ki pa manman pitit la; gen lè papa a ak



manman an se de moun ki pa gen dwa marye poutèt yo se fanmi lalwa pa bay dwa sa a. Selon sityasyon papa yon timoun, si l marye oswa si l pa marye, lalwa bay timoun sa a yon trètman diferan.

Li enpòtan anpil pou nou fouye nan lwa sa a yo, pou nou konprann pi byen yonn nan mak fabrik yo ki se "eksklizyon", ki vle di "mete deyò", "separe", "pa konte", ki se yonn nan mak fabrik sosyete nou an, an jeneral. Menm jan lwa sa a yo separe moun selon sityasyon paran yo, se menm jan an tou, sèten lwa ki pale sou dwa fanm, mete yo apa, pa konsidere yo se moun menm jan ak gason, pa ba yo menm konsiderasyon ak gason.

Batay nou, nou menm fanm, se batay pou tout moun menm, kit ou se gason, kit ou se fi; pou tout moun gen menm dwa, kit ou se pitit 2 moun ki marye, kit yo pa marye. Batay nou se batay pou dechouke "eksklizyon", pou fini ak koze tout moun pa menm nan, nan peyi Dayiti. Se sa k fè batay fanm nan peyi nou an mare ak batay tout pèp ayisyen an pou chanje sosyete l la, fè l vin yon sosyete ki pa gen fòs kote, yon sosyete ki bon pou tout moun, kèlkilanswa.

Ti liv sa a se yon zouti pou ede tout moun wè klè sou enpòtans batay filiyasyon ak patènite a nan defann dwa fanm, men tou, nan defann dwa timoun ak dwa tout moun.



Yon Ti Esplikasyon

Anvan nou koumanse pale sou keksyon filyasyon ak patènite, li enpòtan pou nou konnen byen kisa pawòl nou pra l sèvi avè yo vle di ekzakteman. Nou jwenn esplikasyon pawòl sa a yo nan diksyonè avèk nan liv lalwa yo yo menm.

Filyasyon vle di: rapò yon ptit genyen ak papa l oswa manman l. Li vle di tou: fanmi kote yon moun chouke, ras li.

Patènite vle di: kondisyon yon gason ki papa ptit; oswa: dizon lalwa ak lajistis sou rapò ki genyen ant yon papa ak ptit li.

Matènité vle di: kondisyon yon fanm ki manman ptit; oswa: dizon lalwa ak lajistis sou rapò ki genyen ant yon fanm ak ptit li. Matènité vle di tou klinik oswa lopital kote fanm jwenn laswenyaj pandan yo ansent ak lè yo akouche.

Lejitim vle di: Sa lalwa di, sa lajistis rekonèt. Timoun lejitim se ptit de moun ki marye.

Natirèl vle di: Ki soti dirèk nan lanati. Timoun natirèl se timoun papa ak manman yo pa marye.

Adiltè vle di: sitiyasyon yon gason oubyen yon fanm ki marye e ki annafè avèk yon lòt fanm oubyen yon lòt gason ki pa madanm li oswa mari li.

Ensès vle di: Relasyon seksyèl ant yon gason ak yon fi ki fanmi pre, ki se de moun lajistis pa bay dwa sa a. Tankou yon papa ak ptit fi li, yon manman ak ptit gason li, oswa frè ak sè, matant ak neve, Eks...



Filyasyon ak patènité

**Filyasyon ak patènité nan Konstitisyon 1987 la
ak nan Kòd Sivil Ayisyen an.**

Men sa Konstitisyon 1987 la di nan atik 259, 260, 261, 262, sou zafè lafanmi.

Atik 259 la di:

Leta dwe pwoteje lafanmi ki se potomitan sosyete a.

Atik 260 la di:

Leta dwe bay menm kalite pwoteksyon pou tout kalite fanmi, kenpòt si se fanmi ki fèt nan maryaj oswa ki pa fèt ladan l.

Atik 261 a di:

Lalwa dwe pwoteje tout moun. Tout moun gen dwa pou yo jwenn lanmou, afeksyon, konpreyansyon, ak bon laswenyaj pou kò yo ak lespri yo nan men papa yo ak manman yo.

Atik 262 a di:

Fòk peyi a gen yon "Kòd lafanmi" ki pou asire pwoteksyon ak respè dwa lafanmi e ki pou esplike ki sa ki pou fèt pou chèche konnen kilès ki papa yon timoun. Fòk moun tout kote nan peyi a ka jwenn sèvis sa a yo gratis nan tribunal ak lòt òganis leta ki anchaje pwoteksyon dwa sa a yo..

Kòmantè


Konstitisyon 1987 la, pou premye fwa nan istwa peyi a, rekonèt **kapab gen divès kalite fanmi**: Gen fanmi kote yon gason ak yon fi marye, men tou, kapab genyen kote se plase yo plase, oswa y ap viv nan konkibinaj, oswa yo fè lòt kalite aranjman. Sa ki dwe enpòtan pou sosyete a, se pou **tout moun** jwenn pwoteksyon lalwa ki pou ede yo viv pi byen, ak tèt yo, epitou yonn ak lòt.

Konstitisyon 1987 la di tou fòk Leta pwoteje fanmi sa a yo, fòk li kore tout fanm k ap fè pitit, tout timoun... **tout timoun!** Fòk yo tout gen dwa jwenn edikasyon ak laswenyaj nan men paran yo; ki vle di, okenn gason pa gen dwa fè pitit san li pa rekonèt pitit sa a yo, san li pa okipe yo, kite manman yo degaje yo avèk yo, pou kont yo.

Konstitisyon 1987 la di toujou, fòk gen lwa ki pou fèt ki pou **bay tout moun posibilite pou yo chèche konnen kilès ki papa yo**. Ki vle di, pa gen kache ankò: yon gason ki fè yon pitit, si l pa okipe l, lalwa ap bay pitit sa a chimen ak mwayen pou l jwenn ak papa l.

Lè gason va oblige pran reskonsabilite yo avèk pitit yo, pa p gen timoun san papa ankò, ni fanm ki pou kò yo ap fè edikasyon timoun yo pa t fè pou kò yo. Antouka, lè lalwa peyi Dayiti va di menm bagay ak Konstitisyon an vre, fanm ak timoun ap gen **plis zouti pou yo batay kont penyen lage, ireskonsabilite ak dezòd gason yo**.

“ Paj sa a pou ou pou ekri kòmantè pa ou ”

- 
- Poukisa lawa dwe pwoteje moun ?
 - Poukisa lawa ta dwe pwoteje tout fanm ak tout timoun ?
 - Kisa nou kwè ki ta dwe di nan Kòd Lafanmi sa a ?



Filyasyon ak patènité

Men sa Kòd Sivil la di sou zafè **patènité ak filyasyon** nan atik 293 rive 313.

Sou zafè **filyasyon timoun ki lejitim**

Atik 293 la di:

Lè yon fanm ansent pandan li marye ak yon nèg, timoun ki pra l fèt la se ptit mari a li ye. Mari a kapab di se pa pou li si li bay prèv li pa t fouti gen rapò ak madanm li soti depi 300 jou rive 180 jou anvan timoun nan fèt, poutèt li pa t la oswa li te gen yon aksidan ki te enpoze l gen rapò ak madanm li.





Filyasyon ak patènité

Atik 294 la di:

Mari yon fanm pa ka di ptit madanm li pa pou li poutèt li pa ka fè ptit. Li pa ka di nonplis ptit la pa pou li poutèt madanm li te fè adiltè, sòf si madanm nan pa t kite l konnen li te ansent. Lè sa a, li gen dwa bay tout kalite prèv pou l montre se pa li ki papa ptit la.

Atik 295 la di:

Mari yon fanm pa ka di ptit madanm li pa pou li si timoun nan fèt anvan 180 jou apre maryaj la, oswa si li te konnen madanm li te gwòs anvan maryaj la. Li pa ka di timoun nan pa pou li si l te la nan moman yo fè batistè timoun nan, si l te siyen batistè a, oswa si l te fè deklarasyon pou l di li pa kapab oubyen li pa konn ekri. Li pa ka di sa nonplis si timoun nan mouri.

Atik 296 la di:

Yon nèg gen dwa di yon timoun pa pou li si timoun sa a fèt 300 jou apre l fin divòse ak madanm li.



Filyasyon ak patènité

Atik 297 la di:

Pou l di yon timoun pa pou li, yon mari gen 1 mwa si l te la lè timoun nan fèt.

Li gen 2 mwa pou li fè sa, si l pa t la lè timoun nan fèt.

Li gen 2 mwa tou, apre l fin dekouvri magouy la, si l pa t konnen timoun nan te fèt.

Atik 298 la di:

Si mari a mouri anvan li gen tan fè deklarasyon l lan, men pandan li nan delè a toujou, eritye li gen 2 mwa pou yo fè deklarasyon pou di timoun nan pa t ptit li. Eritye yo kapab fè sa si timoun nan mete men sou byen mari manman li oswa si timoun sa a atake devan lajistis eritye ki genyen byen yo nan men yo a.

Atik 299 la di:

Lè mari yon fanm oswa eritye mari a fè deklarasyon pou di yon timoun pa pou li, deklarasyon sa a pa gen okenn valè si moun ki fè l la pa ale nan tribunal, nan 1 mwa, kont moun ki reskonsab timoun nan, an prezans manman li.



Filyasyon ak patènité

Sou zafè prèv ki pou bay pou montre filyasyon timoun ki lejitim

Atik 300 an di:

Batistè ki anregistre nan kaye ofisyel detasivil la - selon sa ki nan batistè a - bay prèv yon timoun se ptit de moun marye li ye, ki vle di, se timoun lejitim li ye. Lè pa gen batistè, se lè tout moun konnen ptit sa a te toujou viv ak paran li kòm ptit lejitim yo ki se laprèv se ptit lejitim yo li ye vre.

Atik 301 an di:

Lè yon moun pa gen batistè, men ki prèv li ka bay pou l montre li se yon ptit lejitim vre (ki vle di ptit 2 moun ki marye).

- 1) si l te toujou pote non nèg li di ki se papa l la;
- 2) si papa sa a te okipe l tankou ptit li e te reskonsab fè edikasyon li;
- 3) si sosyete a ak kòt fanmi a rekonèt li kòm ptit nèg la vre.

Kòmantè

Yonn nan bagay ki frape nou nan atik sa a yo se kouman lalwa gen tandans pou l wete reskonsablite moun genyen nan zafè fè pitit. Anpatikilye, li wete reskonsablite fanm nan koze sa a, menm si se yo ki jwe pi gwo wòl la ladan li. Se konsa atik 293 la di yon gason pa ka di yon timoun pa pou li depi li marye ak manman timoun nan.

Kisa manman timoun nan gen pou l di nan sa li menm ?

Atik 294 la di yon gason an gen dwa refize rekonèt yon timoun si l pa t konnen manman an te ansent. Kisa k pou di li pa t konnen vre?

Atik 296 la di tou yon gason gen dwa di yon timoun pa pou li si l te fèt 300 jou apre li fin divòse ak manman l. Kisa maryaj ak divòs gen pou yo wè avèk koze fè timoun? Eske sa vle di depi yon fanm divòse ak yon gason li pa fouti ansent pou gason sa a ankò ?

Anverite, atik lalwa sa yo mare pye fanm nan volonte gason, mari yo ak jiris ki te fè yo a. Yo pa bay yo ti moso lapawòl nan yon sitiyasyon kote se yo ki premye konsènen.

“ Paj sa a pou ou pou ekri kòmantè pa ou ”

- *Kisa ou ta di nan sa ou menm ? Kilès ki ta dwe kapab di ptit kilès yon timoun ye ? Nan ki kondisyon ? Ki wòl lasyans ka jwe nan sa jounen jodi a ?*
 - *Sa k fè l enpòtan pou moun konnen ptit kilès yo ye ?*
 - *Ki enpòtans sa genyen pòu yon timoun "lejitim" ?*



Filyasyon ak patènité

Sou zafè filyasyon timoun ki natirèl

Atik 302 a di:

Timoun ki fèt san papa yo ak manman yo pa marye, depi se pa timoun ki fèt nan adiltè oswa nan ensès, timoun sa a yo vin lejitim depi manman yo ak papa yo marye, oubyen , depi manman yo ak papa yo rekonèt yo devan lajistis anvan yo marye, oubyen depi manman yo ak papa yo rekonèt yo pandan maryaj la menm.

Si papa ak manman yon timoun natirèl, oswa yonn ladan, yo rekonèt timoun nan apre yo fin marye, rekonesans la pa fè timoun nan vin lejitim vre, toutotan pokogen yon jijman ki fèt, anpiblik, apre Chamm Konsèy la fin fè ankèt ak deba sou sa. Jijman sa a dwe rekonèt timoun nan a p viv ak paran li kom pitit yo depi maryaj la.

Tout desizyon lajistis ki rekonèt yon timoun se timoun lejitim li ye, ap ekri sou kote, nan batistè timoun nan. Se ofisyel detasivil ki fè maryaj la k ap ekri sa, si li konnen timoun nan, oswa si yonn nan moun ki marye yo mande l sa.

Atik 303 a di:

Pitit ki mouri kapab jwenn rekonesans kòm pitit lejitim 2 moun ki marye, si toutfwa pitit sa a gen pitit li menm tou. Lè sa a, pitit li, ras li, kapab pwofite avantaj sa bay.





Filyasyon ak patènité

Atik 304 la di:

Pitit ki vin lejitim apre papa yo ak manman yo vin marye, gen menm dwa ak pitit ki fèt apre maryaj la.

Atik 305 la di:

Si yon timoun natirèl pa t gen rekonesans papa l ak manman l nan batistè li, se yon lòt batistè espesyal ki dwe fèt, apre paran l yo fè rekonesans sa a devan ofisyedetasivil la.

Paran yon pitit ki majè pa ka rekonèt li san pitit sa a pa dakò. Si pitit sa a pa bay mo pa l devan ofisye detasivil la, rekonesans la pa vo anyen. Yon timoun natirèl paran l te rekonèt anvan l gen 18 lane, kapab ale nan tribunal pou di li pa dakò pou yo rekonèt li, lè l vin majè , si sa pa nan enterè l, jan atik 310 Kòd Sivil la di l la.

Atik 306 la di:

Timoun ki fèt nan adiltè oswa nan ensès pa gen dwa jwenn rekonesans.

Atik 307 la di:

Si yon papa rekonèt yon pitit natirèl san l pa site non manman an ni mande l si l dakò, rekonesans sa a se papa a sèlman ki reskonsab li.

(Atik 308 la - ki pa t mete timoun natirèl ak timoun lejitim sou menm pye - te disparèt depi atik 3 nan dekrè 27 janvye 1959 la te fin ranplase l é bay timoun sa a yo menm dwa.)



Filyasyon ak patènité

Atik 309 la di:

Yon timoun natirèl ki jwenn rekonesans li gen menm dwa ak timoun lejitim yo. Kòd Sivil la regle keksyon dwa sa a yo nan lwa no. 6 la, ki pale sou zafè eritaj.

Atik 310 la di:

Nenpòt kilès ki gen enterè nan sa, kapab di li pa dakò ak rekonesans yon papa oswa yon manman fè pou di yon timoun se pitit natirèl yo, oubyen ak deklarasyon yon pitit ka fè pou l di kilès ki papa l ak manman l.

Atik 311 la di:

Lajistis kapab di kilès ki papa yon timoun menm si timoun sa a pa pitit de moun marye

1 - si li rekonèt, lè manman an te vin ansent la, se lè papa a te fè anlèvman oswa kadejak sou li a.

2 - lè papa a t ap viv nan menm kay ak manman an pandan l te vin ansent la.

Men tou, lajistis pa p rekonèt deklarasyon yon pitit fè pou l di yon nèg se papa li

1 - si l rekonèt tou, manman pitit la te nan penyen lage oswa te gen rapò ak lòt gason nan moman l te vin ansent la.

2 - si gason yo di ki se papa pitit la pa t la oswa pa t kapab gen rapò ak manman an, poutèt yon aksidan, lè manman an te vin ansent la. Se yon timoun sèlman ki gen dwa chèche konnen kilès ki papa l. Si timoun nan poko gen 18 lane, se manman an ki gen dwa sa a, menm si li poko gen 18 lane li menm. Manman an, pou l fè sa, gen 2 lane apre l fin akouche, oswa apre li menm ak papa pitit la kite, pa rete nan menm kay ankò. Si manman an pa ka rekonèt pitit la, swa poutèt li mouri, swa poutèt li gen pwoblèm ak lajistis oubyen li pa la, se moun ki responsab timoun nan ki gen dwa fè rechèch sa a, apre li fin gen otorizasyon fanmi timoun nan. Lòt



Filyasyon ak patènité

(Swit Atik 311 la)

moun ki gen dwa sa a, lè manman an pa kapab, se fanmi li, oswa nenpòt ki lòt moun ki te responsab timoun nan. Si rechèch sa a pa t fèt anvan timoun nan gen 18 lane, li gen 1 lane pou l fè l apre l fin majè (apre l fin gen 18 lane).

Depi lajistis rekonèt jijman ki fèt pou fè deklarasyon sa a, rezulta jijman an dwe ekri nan rejis ki gen papye rekonesans yo .Sa dwe ekri tou, arebò batistè timoun nan.

Atik 312 la di:

Yon moun gen dwa chèche konnen kilès ki manman l. Lè yon timoun ap chèche manman l, fòk li ka bay prèv li menm ak timoun fanm nan te akouche a se menm. Li pa gen dwa mande moun fè temwayaj sou sa, toutotan li poko gen prèv ki ekri sou sa.

Atik 313 la di:

Yon pitit pa janm gen dwa chèche konnen kilès ki manman li nan sityasyon kote lalwa pa rekonèt rekonesans, jan sa di nan atik 306 Kòd Sivil la. (Sètadi, lè timoun nan fèt nan adiltè oswa nan ensès).

Ròmantè

Lè nou gade lwa sou filyasyon ak patènite ki nan Kòd Sivil la, premye bagay nou wè se kouman lwa sa a yo pa koresponn ak òganizasyon lavi gason ak fi tout bon vre an Ayiti. Aloske yo pale sitou sou pitit gason ak fi ki marye, nou konnen pi fò gason ak fi k ap viv ansanm an Ayiti pa marye - y ap viv nan òòkonkibinaj oswa plasaj. Plasaj, paegzanp, ki se mòd inyon ki pi gaye kay peyizan ayisyen an, lalwa ki ekri a pa pale sou sityasyon pitit ki fèt ladan I yo. Ki vle di, pou lalwa ki ekri nan peyi Dayiti, plasaj pa egziste, timoun ki fèt ladan I yo, se timoun apa; antouka, se timoun natirèl lawa pa bay menm dwa ak timoun lejitim.

Yon lòt bagay nou wè nan lwa sa a, se kijan li bay dizon l sèlman sou patènite - ki vle di, rapò ki genyen ant papa ak pitit yo. Se rapò sa a ki sanse bay yon moun plas li, valè li, ki di kilès li ye nan sosyete sa a, ki bal l prestij, ki detèmine relasyon li ak byen paran l, eritaj li. Pandan tan sa a, se manman pitit yo k ap trimen pou bay yo manje, edikasyon, lasante, elatriye ...Ki vle di, se pa trimen ki bay valè, se pa li ki enpòtan. Sa k enpòtan, se si ou se gason oubyen fi.

Pi rèd toujou, fanm yo pa janm gen anyen pou yo di sou koze timoun nan. Lalwa di pou yo kilès ki papa pitit yo nan chak sityasyon. E si yo te gen rapò ak plisyè gason, pitit yo fè a pa gen papa!

Timoun yo menm, ki pa t janm mande pou yo fèt, yo lage nan menm jiris yo nèt: Si 2 paran yo pa t marye oswa te marye ak lòt moun, oswa si 2 paran yo se fanmi, yo se yon ras apa ki pa gen menm dwa ak lòt timoun parèy yo. Yo pa menm gen dwa chèche konnen kilès ki manman yo!

Nou wè l déjà, lalwa pa inosan; li toujou gen yon mesaj li pote, sou kisa sosyete a bay valè, kisa li pwoteje, kisa li vle ankouraje. Fòk nou ta reflechi anpil sou kalite mesaj lwa sa a yo bannou.

“ Paj sa a pou ou pou ekri kòmantè pa ou ”

- Kouman ou kwè lalwa ta dwe konsidere timoun natirèl ? Ki dwa li ta dwe bay yo ?
- Ki konsekans sa ta genyen si tout timoun (kit se timoun lejitim, kit se timoun natirèl, oswa ki fèt nan adiltè oubyen nan ensès) te gen menm dwa ? Sou yo ? Sou fanmi yo ? Sou sosyete a an jeneral ?
- Ki reskonsabilite fanm nan zafè dwa timoun ?

Konklizyon


Kesyon filyasyon ak patènite, jan lalwa òganize l la, se yonn nan kòz anpil diskriminasyon nan mitan sosyete nou an: diskriminasyon ant fanm ak gason, diskriminasyon ant timoun natirèl ak timoun lejitim, ant timoun ki fèt nan adiltè oswa nan ensès ak lòt timoun. Epitou, se yonn nan sipò ireskonsablite anpil gason k ap fè ptit adwat agòch san yo pa janm okipe yo. Tout fanmi ayisyèn konnen dega diskriminasyon sa a yo mennen: Timoun ki leve san papa yo, oswa konnen kilès ki papa yo men pa gen dwa konnen; sa k pa janm jwenn anyen nan men papa yo, oswa ki oblige ap mache dèyè yo pou mande yo okipe yo. Fanm, anpatikilye, ki oblige pote tout chaj la sou do yo, konnen mizè yo pase pou yo degaje yo, pou kò yo, pou leve ptit yo. Se sa ki fè, se yo, anvan tout moun, ki pou mobilize, òganize, pou sa chanje . Pou "fè ptit" tounen reskonsablite 2 moun, depi nan kòmansman, jis rive nan fen.

Konstitisyon 1987 la vle chanje sitiyasyon sa a nan sans fè tout moun gen menm dwa, kit ou se fanm, kit ou se gason, kit ou se ptit lejitim, kit ou se ptit natirèl, kit tou ou te fèt nan adiltè oswa nan ensès, bagay yon moun pa chwazi e pa fouti reskonsab.

Tandiske ansyen Iwa Kòd Sivil la te pwoteje yon sèl kategori moun pandan li te lage tout lòt yo nan degaje, Konstitisyon 1987 la vle louvri baryè pou yon sosyete ki batí sou dwa tout moun e pa sou sa kèk moun ta vle.

Etandone se manman tout Iwa li ye, Konstitisyon an se yon zouti sèten nan batay fanm gen pou yo mennen pou yon sosyete san fòs kote, nan batay pou fè chanje tout Iwa ki depaman avèk sa ki nan enterè yo kòm fanm.

**“ Paj sa a pou ou tou, pou ekri
konklizyon pa ou ak desizyon pa ou ”**



Pibliye - reyalize avèk apwi finansye pwogram PDP (Pwogram Pwomosyon Dwa Moun)
yon pwojè ki finanse pa ACDI (Ajans Kanadyen pou Devlòpman Entènasyonal)
(Agence Canadienne de Développement International)